

MALADI VIRIS EBOLA- ENFÒMASYON JENERAL

KISA KI MALADI VIRIS EBOLA A?

Maladi viris Ebola a se yon maladi viris bay ki sevè, fatal, ak grav. Pou enfòmasyon ki pi kouran konsènan Ebola ak epidemi sa Ebola a koze yo, vizite <http://www.cdc.gov/vhf/ebola/>.

KI SENTÒM MALADI VIRIS EBOLA A?

Sentòm maladi viris Ebola a anjeneral gen ladan yo lafyè. Lòt sentòm yo ka gen ladan yo maltèt, dyare, vomisman, feblès, doulè jwenti ansanm ak nan misk yo, lestomak fè mal, mank apèti ak emoraji. Sentòm yo kapab menm jan ak lòt enfeksyon, pi komen yo. Sentòm yo parèt 2 ak 21 jou apre kontak ak viris la, men li rive pi souvan ant 8 a 10 jou apre ekspozisyon a viris lan.

KOUMAN EBOLA A GAYE?

Moun ki pa gen lafyè, yo pa kontajye epi yo pa ka transmèt maladi a bay yon lòt moun. Viris nan Ebola a transmèt an kontak dirèk ak san oswa likid kò yo nan yon moun ki enfekte ki gen sentòm yo oswa atravè ekspozisyon ak objè yo (tankou zegwi) ki kontamine ak likid kò ki enfekte. Tranzmisyon a ka rive tou soti dirèkteman nan manipilasyon shòvsouri, rat oswa makak yo nan zòn kote ki te gen Ebola a.

KILÈS KI GEN RISK POU YO GEN EBOLA A?

Moun ki fèk sòti nan yon peyi nou konnen ki gen Ebola, epitou ki te genyen:

- Kontak avèk san oswa lòt likid kò pasyan oswa yon moun mouri yo konnen ki genyen Ebola a oswa yo te sispèk ki te gen viris Ebola a, oswa
- Manipilasyon dirèk shòvsouri, rat oswa makak yo.

Si yon moun gen sentòm maladi viris Ebola ak yon ekspozisyon ki posib, moun sa ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante.

KI TRETMAN KI GENYEN POU EBOLA?

Pa gen tretman egzak pou Ebola; tretman an sèlman limite a yon siveyans ki pwòch epi bay swen pou sipò nan yon lopital.

KI RISK KI GENYEN SOU EBOLA NAN MARYLAND?

Kounye a, risk pou vin gen Ebola nan Maryland li ba anpil. Si gen yon ka yo ta idantifye, gen direktiv ki etabli pou moun swiv konsènan kontwòl enfeksyon yo ak pou anpeche tranzmisyon.

- PIPLIS-



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017


KISA DEPATMAN SANTE (MDH)?

MDH ap siveye sitistasyon nasyonal ak global la epi li gen kominikasyon regilyèman ak Sant pou Kontwole ak Anpeche Maladi yo [Centers for Disease Control and Prevention] (CDC). DHMH ap fè siveyans maladi epi li kominike regilyèman avèk lopital Maryland ak pwofesyonèl swen sante yo, epi li livre konsèy ba yo. DHMH travay ak pwofesyonèl swen sante yo epi depatman sante lokal yo pou yo ka mennen ankèt pi vit sou rapò konsènan posiblite enfeksyon Ebola a.

KI KOTE MWEN KA APRANN PLIS?

Pou plis enfòmasyon sou Ebola, vizite: <http://www.cdc.gov/vhf/ebola/> ak health.maryland.gov/ebola.

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept